*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 21-22 (7339-40) РУЗМАН 26 май 2023 сон

12+

## Районалъул школазда ахирисеб цIумур

Исана гIагарал школазулгун къо лъикI гьабулеб буго ЧIарада районалдаса 24 анцIила цоабилеб класс лъугIулел ва 106 ичIго класс лъугIулездаса цо-цо цIалдохъабаз. Ахирисеб цIумур кьабулеб къо лъугьана гьезул ракIалдаса унареблъун.

Киналго школазда тIоритIана рохалилал линейкаби. Гьезда гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъабаз, мугIалимзабаз, цIалдохъабаз ва гьезул эбел-инсуца. Школа лъугIулезе гьарана цере лъурал масъалаби тIадегIанал даражаялда тIурайгиян ва киналго экзаменазулъги битIккей ва абуна школалда учительзабаз кьураб лъай-гIакълу, малъа-хъваял гIадахъги росун, гьел тIуразариялъе кинабго къуват кьезе ккелилан.



Гьанже школа лъугIулезда цебе чIараб аслияб масъала буго хIасилазул экзаменал ОГЭ ва ЕГЭги кьун, жидерго гIумру ВУЗаздагун колледжазда бухьинаби.

24 маялда тIоцебесеб ОГЭ кьуна. Пачалихъалъулаб хIасилазулаб аттестация гьабиялъе бихьизабун буго ЦIуриб гьоркьохъеб школа, гьелъие гьениб чIезабун буго кинабго кьваригIараб щинабги ва хIадурун руго гIуцIарухъабиги.

## ЦIуриб школалда ахирисеб цIумур

ЧIарада районалъул ЦIуриб гьоркьохъеб школалда рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас, лъай кьеялъулгун культурияб отделалъул нухмалъулев Шамил МустIапаевас, цересел соназда школалъе нухмалъи гьабулел рукIарал директорал Ризван Юсуповичас ва Садрудин ГIумаровичас, ДЮСШалъул директорасул заместитель Шамил МухIамадовас, «Радуга» лъималазул ахалъул нухмалъулей Муъминат МуртазагIалиевалъ.

Исана школа лъугIулезда байрам баркизе гьенире рачIун рукIана улбул, гIагарал ва росуцоял.

ГIадаталда рекъон байбихьуда данделъаразда цере школалъул майданалде рачIана берцинго ретIа-къарал 9, 11 классазул цIалдохъаби. Россиялъул гимналда гьоркь улкаялъул байрахъ борхизе ихтияр кьуна цIалулъ лъикIал хIасилал ругел 9 классалъул цIалдохъаби - ПатIимат МухIамадовалъегун Зайбат ХирамухIамадовалъе.

Выпускниказе насихIаталъул рагIаби абуна гьалбаз, учительзабаз ва улбуз. Гьез школа лъугIулезе гьарана экзаменазда битIккей.

Баркиялъулаб кIалъаялда районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас абуна: «ХIурматиял школа лъугIулел, районалъул бетIерасул ва дирго рахъалдаса кьабул гьабе ракI-ракIалъулаб барки гьаб кIвар цIикIкIараб ва рохалилаб байрам – школалда ахирисеб цIумур кьабиялъул. Гьанже нужеда цере руго гIемерал кIвар бугел хIалбихьиял. ХIукму гьабизе ккун буго профессия тIаса бищиялъе. Гьелъ аслияб бакI ккола чиясул гIумруялъулъ. Гьарула нужее цере чIун ругел экзаменазда битIккей, тIадегIанал баллалгун кьватIире риччаялъул экзаменал кьей. Нужер бергьенлъаби ккола метерисеб къоялда районалъул цебетIей ва нижер букIинесеб. Нужеда буго ракIчIейги. ЧIарада районалъул школазда гьоркьоб ЦIуриб школа букIана сундулго рахъалъ цебесеб къерда. Гьел рихьулел руго цIалдохъабаз олимпиадабазда, конкурсазда ва спорталъулал къецазда росарал бергьенлъабаздаса. Кидаго чIухIарал руго нужер хIасиладаса ва мурад буго гьел хадурккунги гIемерлъи. Божарал руго ВУЗалги лъугIун тIадруссун хадур нужеца район цебетIезабизе букIиналда. Районалъе хIажат руго лъай бугел тохтурзаби, учительзаби, устарзаби, росдал магIишаталъул хIалтIухъаби. Районалда гьанже ругел бергьенлъабиги аслияб къагIидаялда рухьарал руго гьаб школа лъугIаразда. Школаги чIухIараб буго ДРялъул пачалихъалъулал ведомствабазда ва министерствабазда хIалтIулел жидерго школа лъугIаразда, гIалимзабаздаса,






*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*

## Мемориалияб къоно рагьана

ЧIарада районалъул Гьидиб росулъ мемориалияб къоно рагьана ва чуял рекеризе риччаялъул къец гIуцIана полициялъул полковник, 2005 соналда хъулухъалъулаб тIадкъай тIубазабулаго хварав **МухIамадов МухIамад Абакарович** ракIалде щвеялъе.

Тадбир рагьарай ЦIуриб поселениялъул бетIер Муслимат МуртазагIалиевалъ салам кьуна киналго росдал гIадамазе ва тIаде рачIарал гьалбадерие, бицана данделъиялъе бугеб гьиллаялъул ва ине бугеб программаялъул.



*(Хадусеб 8-аб. гьумералда)*

## ХIасил гьабиялъул пачалихъияб аттестация

Расписаниялда рекъон 24 маялда ЧIарада районалда ГИА кьезе базалъун бихьизабураб ЦIуриб школалда (ППЭ № 421) тIаса рищарал историялъул ва биологиялъул ОГЭ кьуна 9-аб. классалъул цIалдохъабаз.

ОГЭялда гIахьаллъи гьабизе хъвай-хъвагIай гьабурал цIалдохъабаздаса 8 цIалдохъанас историялъул ва 71 цIалдохъанас биологиялъул экзаменал рищана.

Экзаменал байбихьилалде цере ОГЭ кьолеб пунктalde щвана районалъул бетIер МухIидин МухIамадов ва лъай кьеялъулгун культураялъул отделалъул начальник Шамил МустIапаев, гьез къимат кьуна экзаменал кьабул гьариялде школа хIадурун бугеб куцалъе, хал гьабуна экзаменал тIоритIине ругел аудиториязул ва гара-чIвари гьабуна школа лъугIулезулгун.



МухIидин МухIамадовас лъималазе гьарана экзаменазда битIккей. «Нужеца ургъелаз ва рахIат хвеялъ пикрабазе квалквал гьабизе биччаге. Аслияб жо - нуж рихххичIого ва лъаялда щакдаричIого рукIин буго. Гьарула нужее икъбал ва кинабго битIун ккезе!» - ян гьарана районалъул бетIерас.

Экзаменал кьолездехун вуссун Шамил МустIапаевас абуна: «ЦIалдохъабазул аслияб масъала буго мустахIикъго ва гIадлу хвезабичIого цебе лъураб тIадкъай тIубазаби. Нужер щивасул ракIчIезе ккола нужедаго ва щвараб лъаялъе. Божула киназго цебе лъураб масъала тIубазабизе букIиналда», - ян.

Пачалихъиял экзаменал иналда хадуб хал кквеялъе йикьизаюрай Аида МустIапаевалъ ва ППЭялъул нухмалъулей Кабират Химеловалъ мухIканго хал гьабуна киналъулго, гIахьалчагIазе баян гьабуна ругел ихтиязул. Телефонал ва жидерго кьайиги нахъе кьун цIалдохъаби ана экзамен иналда хадуб хал кквеялъе кинабго хIажатабщиналдалъун хьезарурал 7 аудиториязде.



КиналгIаги гIиллабаздалъун аслияб къоялда экзаменазда гIахьаллъизе щвечIел выпускниказе ва цIалул предметазда кIигоялдаса цIикIкIинчIел рази гьаруларел хIасилал ругел цIалдохъабазе ихтияр щолеб буго кIиабизеги бихьизабураб заманалда экзаменал кьезе.

Тадбир хIинкъи гьечIого тIобитIиялъул мурадалда ОГЭ кьолеб пунктала сверухъ Россиялъул ОМВДялъул ЧIарада районалъул хIалтIухъабаз гьабуна дежурство.

# Гъилиб: **Ахирисеб цIумур**

ЧIарада районалъул киналго школазда тIобитIана ахирисеб цIумур къабиялъул байрам.



КъватIире риччалел цIалдохъабазда гьеб кIвар цIикIкIараб байрам баркизе районалъул администрациялдаса гIахьаллъи гьабуна заместителаз, учреждениязул, организациязул нухмалъулез, росабазул поселениязул бутIруз ва цогидалги кIвар цIикIкIарал чагIаз.

Рохалилаб линейка рагьана улкаялъул гимналда гьоркь аслияб пачалихъалъул гIаламат – Россиялъул байрахъ борхиялдалъун.

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас гIахьаллъи гьабуна Гъилиб гьоркьохъеб школалда тIобитIулеб гьеб тадбиралда ва гьес школа лъугIун къватIире риччалезда, гьединго школалъул тIолабго мугIалимзабазул коллективалда баркана рохалилаб байрам.

Муниципалитеталъул бетIерас лъазабуна жив цIакъ вохарав вугин жакъа, дир гьудул ва цадахъ хIалтIулев вукIарав гьалмагъ, милициялъул кIудияв лейтенант Расул ЯхIяевасул цIар кьураб Гъилиб школалда тIобитIулеб тадбиралда гIахьаллъизе щвеялдаса. Гьев хвана 2005 соналъул 15 январалда Каспийск шагьаралда букIараб, яргъид гIуцIараб террористазул къукъа кквеялъе тIобитIараб хасаб операциялда гIахьаллъулаго. Хун хадуса гьесие кьуна Бихьинчилъиялъул орденги.

«Хириял школа лъугIулел! Хас гьабун нужедехун вуссун абизе бокьун буго, кире нуж кканиги гIицIго лъикIаб рахьалдаса бихьизабе нилъерго район. Гъилиб росдал поселениялда руго жидедаса мисал босизе бегьулел гIемерал чагIи. Ракьцоязда гьоркьор руго БахIарзалги, хIурматиял гIадамалги, гьединаздаса босе мисал. Кинаб хъулухъалде нуж кканиги, киданиги кIочон тоге рижараб ракь ва цIалараб гIагараб школа. Гьару-

*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

# Совещание тIобитIана

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул гIахьаллъигун райадминистрациялда тIобитIана киналго школазул директорал ва ГИА гIуцIулелги гIахьал гьарурал совещание.

Лъай кьеялъулгун культураялъул отделалъул нухмалъулев Шамил МустIапаевас данделъаразе баян гьабуна ОГЭ ва ЕГЭ тIобитIиялъе ва хIадурлъиялъе методикиял рихьизариял гIумруялде рахьинариялъе ругел тадбиразул, гьединго 2023 соналда лъималазе ва гIун рачIунезе хIухьбахъиялъе шартIал гIуцIизе ккеялъул, 2023-2024 цIалул соналде цереккунго классал комплектоват гьариялъул ва школал цIияб цIалул соналде хIадуризе ккеялъулги суал.

Щибаб суалалъул хал гьабулаго, отделалъул нухмалъулес дандрекъон кколел рихьизариял ва тIадкъаял кьуна лъай кьеялъул гIуцIабазул нухмалъулезе.

«Исана районалда ГИА кьезе буго 106 ичIабилеб классалъул ва 24 анцIила цоабилеб классалъул цIалдохъабаз. Нилъеца жигар бахъизе ккола ОГЭ ва ЕГЭ кьолаго гьоркьор къотIиял ккечIого рукIиналъе, кинабго ине ккола ракIбацIцIадго, ритIухъго методикиял рихьизариязул къучIалда ва тIадегIанаб гIуцIи буголъиялда. Абизе ккола церехунисел соназде дандеккун цIалуда хадургъей гьал ахирал соназда гIемерго цIикIкIараб бугилан. Гьединабго жигарчилъи бихьизабизе ккола иса-



наги. Цо-цо тIаса рищарал экзаменал кьезе ине ккола мадугьалихъ бугеб районалде. Классазул нухмалъулезда ва улбузда лъазабизе ккела гьезул лъимал кватIизе течIого ва гIуцIараб



къагIидаялда экзаменал кьеялде рачIине ккеялъул», - ян тIадеги жубана Шамил МустIапаевас.

КIиабилеб суалалда хурхун лъазабуна 7 июналдаса байбихьулеб бугин республикаялда сахлъи цIуниялъулаб кампания. ХIукму гьабун буго районалъул 5 школалда лагерал рагьизе. Гьединго школазул директоразе тIадкъай кьун буго классазул нухмалъулезда ва улбузда лъазабизе 15 маялдаса хадур МФЦялъ документал къабул гьарулел ругин лъималазе стационарияб лагеразде ине путевкаби щвеялъе. ГьанжелъизегIан 25 лагерь хIадурун буго лъимал къабул гьаризе.

Хадуб Шамил МустIапаевас баян гьабуна районалъул школазда цереккунго комплектоват гьарурал классазул, лъимал гIоларого рукIиналда бан цо-цо классал къазе кколел рукIиналъулги.

Ахирисеб суалалда хурхун лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулес лъазабуна, цIияб цIалул сон байбихьилалде киналго классал къачIан хIадурун рукIине ккелин.

Совещаниялъул хIасил гьабулаго районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас тIадкъай кьуна киналго нухмалъулезе гьоркьор лъурал суалазде букIине кколеб кIвар кьезе, хасго ОГЭ ва ЕГЭ тIоритIиялда хурхун.

# ЦIуриб школалда ахирисеб цIумур

*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

киналго магIишатиял бутIабазда хIалтIулел мустахIикъал хIалтIухъабазда ва цIар рагIарал спортсменазда. Гьел киналго бергьенлъаби рукIинариялъулъ цIикIкIараб бутIа буго ЦIуриб школалъул мугIалимзабазул. ХIурматиял учительзаби, баркала буго нужее бигьаяб гуреб захIматалъухъ, хIеренлъиялъухъ, сабруялъухъ ва ритIухълъиялъухъ. Гьарула хадурккунги хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби, щулияб сахлъи ва хъизамазулъ битIккей».

Данделъараздехун юссун, ЦIуриб школалъул директор Аминат Ярбиловалъ баян гьабуна: «Жакъасеб выпуск ккола иргадулаб школа толезул ва кIудияб гIумруялде унезул 55-абилеб. Гьанжеялдаса нужеда дандчIвазе руго гIемерал батIи-батIиял лъикIалги квешалги захIмалъаби. РакIалде ккола школалъ нуж киналгIаги квалквалал къезаризе ругьун гьарун ратилин. Нужеда лъай, бокьараб заманалда лъикIаб кканиги, гьабулеб ишалъулъ битIккечIониги нижер школалъул нуцIби нужее кидаго рагьарал ругеблъи. Бергьенлъаби нужее къватIире риччаялъул ва ВУЗаздегун колледжазде кьолел экзаменазда. РукIа кидаго лъикIазда гьоркьор ва ТIадегIанас кумекги гьабеги квешаб тун лъикIаб босизе! Жакъа кьоялдаса нуж ккола кIудиял чагIи. ХIукму кьотIизе ккола нужерго букIинеселъе.



Гьелда бараб букIине буго гIумруги. Жигар бахъе чияр хабаразухъ ва гьезие бокьаралъухъ гIенеккичIого, ургъун, кинабго борцун, цIан мурадалде ине. Нужее нух битIаги, хириял выпускникал!».

Школа лъугIулезе лъикIал насихIатал гьаруна 1970 соналда ЦIуриб школалда директорлъун хIалтIулев вукIарав ХIажиев Ризван Юсуповичас. Гьес бицана живго цIалулев ва хIалтIулев вукIараб заманалъул, цо-цо цадахъ цIалулел рукIаразулги. Гьесул цIалул сонал рукIана захIматал - рагъул соназда.

«Школалъул сонал, цIали – гьеб бигьаяб захIмат гуро лъималазе, гьеб хадубккунги букIине буго гьедин. Учителасул хIалтIи буго захIматаб, амма хIурмат гьабизе кколеб. 1970 соналда, цIалул сон байбихьизе 7 къо хутIараб заманалда ккараб ракь багьариялъул хIасилалда школалъул минаялъул бакьулъ кIудияб кьватIел лъугьинабун



букIана, гьелъул хIасилалда къазе ккана школа. Улбузулгун педагогазул цадахъ рекъон гьабураб ва хехаб хIалтIул хIасилалда бана школа ва байбихьана гьоркьоб къотIун букIараб цIали цIигьабизе. Гьанжейин абуни нужер буго берцинаб цIияб школа, киналго къваригIарал шартIал, лъай бугел учительзаби, нужейин абуни хутIун буго цохIо лъикIго цIализе. Нух битIаги хириял школа лъугIун къватIире риччалел! ТIадегIанав Аллагьас кумек гьабеги нужее къватIире риччаялъул экзаменазда», - ян абуна Ризван Юсуповичас.

Байрамалъул ахиралда цIалул ва спорталъул рахъалъ мисал бихьизабурал цIалдохъабазе кьуна грамотаби ва сайгъатал. Жидерго берцинаб кьурдигун цере рахъана ЦДОДалда тарбия щварал ясазул коллектив. Гьединго музыкалиял номерал рихьизаруна 9 классалъул цIалдохъабаз.

11 классалъул нухмалъулев Шамил ГIабдулаевичас исана школа лъугIулезе гьаруна ракIалдаса унарел насихIатал, гьарана гьезие ракIчIарал галабигун букIинеселде церехун ине икъбал ва гIумруялъул битIккей.

Школа лъугIун къватIире риччалел 9, 11 классазул цIалдохъабаз жидерго классазул нухмалъулезе ва учительзабазе кучIдуздалъун загьир гьабуна баркала ва кьуна тIугьдузул квацIабиги.

Ахирисеб цIумур къабизе ихтияр щвана 11 классалъул отличницаби Зайнаб ГIабдулаевалъе ва Зайнаб ХIабибовалъе, гьединго 1 классалъул цIалдохъаби Алия МустIапаевалъе ва Мадина Муслимовалъе.

Тадбиралъул ахиралда районалъул Культурияб рукъалъул солистка Супайнат ХIасанхIусеновалъул кочIода гьоркь гIагараз ва божараз исана школа лъугIулезе кьуна тIугьдул, сайгъатал ва рахъана ракIалде щвеялъе цадахъал сураталги.

## Гьилиб: Ахирисеб цIумур

*(Байбихьи 2-аб. гьумералда)*

ла нужее экзаменазулъ битIккей, тIадегIанал ВУЗазде лъугьине тавфикъ ва тIурайги нужер рекIелъ ругел мурадалги», - ян абуна МухIидин МухIамадовас.

Гьединалго баркиял ва расахлъи, талихI ва хадурккунги лъикIал божи бугел цIалдохъаби», - ян абуна школа лъугIулез.

ТIоцересел учительзабазул, классазул нухмалъулезул, улбузул ракIалдаса унарел кIалъаял



кIалдаса унарел насихIатал школа лъугIулезе гьаруна Гьилиб росдал поселениялъул бетIер Идрис Ибрагьимовас, школалъул директор АхIмад Жарулаевас, учительзабаз ва цогидал тадбиралъул гIахьалчагIазги. Киналго хIурматияб линейкаялда гIахьаллъараз лъималазе гьарана къватIире риччаялъул экзаменазда битIккей ва жидерго улкаялъул мустахIикъал гражданаллъун рахьи.

Жидерго иргаялда школа лъугIулез баркала кьуна учительзабазе гьезул сабруялъухъ ва захIматалъухъ. Гьез рагIи кьуна кинабго лъикIаб гьабулеллъун рукIине.

«Нижее нуж рокьула ва, къиматги гьабун, киданиги кIочене гьечIо. Гьарула нужее щулияб хис-хисана музыкалиял номераз ва цIалдохъабазгун ясли-ахалъул гьитIичаз рикIкIарал кучIдуз.

Рохалилаб линейкаялда грамотаби кьуна лъикIго цIаларал, спорталъулъ призалъулал бакIал ккуразе, районалъул ва республикаялъул батIи-батIиял конкурсазда, олимпиадабазда гIахьаллъарал, гьединго гьел хIадур гьарурал учительзабазе.

Байрамалъул ахиралда гIадаталда рекъон, ахирисеб цIумур къабизе ихтияр кьуна школа лъугIулей отличницалъе ва тIоцебесеб классалъул цIалдохъабазе.

Школалъулгун къо-мех лъикI гьабулеб рохалилаб тадбир лъугIана цоцазе сайгъаталги кьун, ракIалде щвеялъе цадахъал сураталги рахьун.

## Лъимал гIемерал улбузда баркана

Халкъазда гьоркьосеб Эбелалъул Къо баркизе ЧIарада районалъул ЗАГСалъул отделалъул бетIерай специалист-эксперт ГIайшат Халилова цадахъ Культурияб рукъалъул методист Рашидат ГIалиасхIабовагун щвана



Чуниб росулъа ГIалимирзаева Калимат Нажмудиновналъул рокъоре ва баркана гIемерлъимал ругей эбелалда байрам.

Калимат ГIалимирзаевалда эбелалъул къоги баркун, ГIайшат Халиловалъ гьелъие кьуна чIагояб розабазул букет ва ракIалде щвеялъул сайгъат.

«Хас гьабун дирго ва Дагъистан республикаялъул Юстициялъул Министерствоялъул рахьалдаса ракI-ракIалъго баркула Дуда киназего хириял байрамал хъизамалъул къо ва эбелалъул къо! Кинабго хIажат гьечIебщиналдаса цIунаги нуж ва лъималазул релъиялъ рохизареги. Баркала буго нужее, нужер къимат тIадегIанаб захIматалъухъ. Нужеца гьаруна ва тарбия кьун гIезаруна улкаялъе пайдаял васалгун ясал. Щулияб сахлъи ва халатаб гIумру нужее!», - ян абуна ЗАГСалъул специалисталъ.

Жиндирго иргаялда Рашидат ГIалиасхIабовалъ рикIкIана ДРялъул гьунар бугей поэтесса Жавгьарат ХIасанхIусеновалъ эбелалъе гьабураб кечI. Гьелъ гIенеккаразе кутакаб асарги гьабуна.



ГIумруялъул 85 сон бугей эбел – БахIарчIужуялъ гьалбазе бицана жинцаго нахъа тараб гIумруялъул нухлул. Жеги гьитIинай яс йикIаго, рагъдаса хадусел соназда жийго гIадал лъималазда цадахъ, радалиса къасилъизегIан хIалтIана чIахIиязе кумек гьабулаго.

«КIудияй гIун хадуй ва росрукъалде юссаралдаса хIалтIана колхозалда, авлахъазда ва фермабазда, гIахьаллъи гьабуна росулъ ва районалда общественниял хIалтIабазда. Кинабго гIумру бухьинабун букIана хIалтIуда ва лъималазе тарбия кьеялда. Бигьаго букIинчIо лъимал гIезаризе ва рагIалде рахьинаризе. Гьединлъидал хьахIлъи баралдаса рукIкIинегIан хIалтIизе кколаан», - ян мукIурлъана Калимат.

КиналгIаги дандчIварал захIмалъабиги къезарун, кIудияб хъизан букIаниги, бахIарчIужуялда бажарана 6 васасе ва 5 ясалъе битIараб тарбия кьезе. ГIалимирзаевазул хъизан росулъ лъала захIмат бокьулеб ва магIнаяб букIиналдалъун. Калиматица рос МухIамадицагун цадахъ лъимал гьитIинго ругьун гьаруна захIмат бокьиялде ва бижизабуна гьезулъ рижараб ракIалдехун рокьи.

Гьанже гьелъул лъимал руго жиде-жидер хъизан-рукъалда, руго гьезулги лъимал. Гьез гIумру гьабулеб буго республикаялъул ва улкаялъул батIи-батIиял бакIазда. Гьединлъидал бигьаго букIунеб гьечIо цадахъго хъизан цо бакIалде бакIаризе. Цодагьал гIагардегIан райцентралда ругел рачIуна гIодоркъояз эбелалъухъе. ГIемерисеб мехалда гьанжесел ресаздаса пайдаги босун, гьез ахIула телефоназдаса.

БахIарчияй эбелалда цадахъго гьалбаз байрам баркана цойги Чуниб росулъа лъимал гIемерай эбел, 1950 соналда гьаюрай Марям Расуловалда, гьелъ мунагьал чураяв Дибирицагун цадахъ гIезаруна ва тарбия кьуна 7 лъимадуе. Сахлъи кьейги Марямие гIемерал соназ лъималазул лъималги хьихьизе.

## Призывалъулаб комиссиялъул данделъи

Райадминистрациялъул данделъиялъул залалда районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул председательствоялда гьоркь тIобитIана призывалъулаб комиссиялъул данделъи.

Совещаниялда гIахьаллъи гьабуна районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас, Россиялъул ОМВДялъул бакIалъулаб отделалъул начальник МусахIажи Саламовас, росабазул поселениязул бутIруз ва ВУСазул хIалтIухъабаз. Гьоркьор лъун дандрана районалда призывалъулаб кампания унеб бугеб куцалъул суалал, гьединго контракталъулаб хъулухъалде гIолохъаби ритIиялъул тадбиразулги.

ГIахьаллъаразе саламги кьун, районалъул нухмалъулес лъазабуна цереккунисел баяназда рекъон ихдалил призывалъул кампания тIубазабизе кIвезе бугин бихьизабураб заманалда ва тIубараб къагIидалда.





«ДандчIвалел киналгIаги квалкьвалазухъги балагьичIого, тIадал идарабаз гьабулеб цадахъаб хIалтIул хIасилалда районалда ихдалил призыв тIобитIи гIодобе биччараб ахIвал-хIалалда унеб буго. Амма хутIулел руго цо-цо суалал нахъ бахъичIого хIукму гьабизе кколелги. Бищун цебе хал гьабизе хIажат буго киналго росабазул поселениязул хозкнигабазда ругел списоказда рекъон призывниказул сияхI данде кколеб бугищали ва гьелда рекъон призывникал ВВКялде рачIин букIинабизелъун», - ян лъазабуна районалъул бетIерас.

Призывалъулаб кампания тIобитIиялъе гьарурал хIалтIабазул баян кьуна МухIамад МухIамадовас. «Кколел ругин цо-цо хIужжаби ВУСазул специалистаз къурал повесткабазул кIварги гьабичIого, призывалъулаб комиссиялде гIолилал рачIинчIого чIеялъул. Армиялде ине кколел гIолилазда, гьезул эбел-инсуда, жамагIатазул данделъабазда ва совещаниязда гIемер баян кьуна ва бичIчIизабуна хасалил ва ихдалил призывазда армиялда тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазабизе кколел гIолилал Украинаялда унеб СВОялда гIахьаллъизе ритIулел гьечIилан. Руго хIужжаби цо-цоял батIи-батIиял гIиллабиги рачун армиялде иналдаса рахчиялъулги», - ян лъазабуна рагъулав комиссарас.

Гьеб баяналъул рахьги ккун, ОМВДялъул начальникас абуна лъикIаб букIинин ВУСазул хIалтIухъабаз ва рагъулаб комиссариаталъул специалистаз ихтиярал цIунулел органазгун цадахъаб хIалтIи гьабуни.

«КиналгIаги данде кколарел ишал призывниказул, ялъуни гьезул эбел-инсул рахьалдаса ккани, лъазабизе бегьула участковиясда, ялъуни дида, гьеб мехалда цадахъаб хIукму гьабила нилъеца», - ян лъазабуна МусахIажи Саламовас.

Данделъи лъугIулаго жавабиял гIадамазе тIадкъаялги кьун муниципалитеталъул бетIерас лъазабуна, кинаб ахIвал-хIалалде нилъ кканиги, рагIалде бахъинабизе ккола нилъеда цебе лъураб масъала.

«Жакъасеб къоялда хIажат буго кинабго къуват кьезе призывалъулаб кампания жиндир заманалда ва къураб планги тIубазабун нухда тIамизе. Нагагьлъун призывник вахчиялъул хIужжа тIатани, нижеда тIадаб буго гьелъул хIакъалъулъ материал прокуратураялде кьезе, гьез гьабила гьелъие Россиялъул Федерациялъул законалда рекъон данде кколеб хIукму», – ян лъазабуна районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас.

## Совещание тIобитIана

Лъай кьеялъул ва культураялъул отделалъул нухмалъулев Шамил МустIапаевасул кабинеталда тIобитIана совещание,



лъимал цIунулезул къоялда тIоритIизе ругел тадбиразде хIадурлъиялъул суалазда хурхун.

Совещаниялда гIахьаллъи гьабуна организациязулгун учреждениязул нухмалъулез ва цогидазги.



Киналниги суалалги дандран совещаниялъул гIахьалчагIаз хIадур гьабуна 1 июналде тIоритIизе ругел тадбиразул план, гьелда гьоркьор рукIана батIи-батIиял акциял, аваданал хIаял ва рекIелгъеялъулал программаби.

## СВОялда гIахьаллъулесулгун дандчIвай

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул кабинеталда тIобитIана СВОялда гIахьаллъулев рагъухъан къокъабго отпускаялъ гIагаргьабизе.

ДандчIваялъул заманалда рагъухъанас бицана рагъда бугеб ахIвал-хIалалъул, хIинкъикъай лъаларел гъалмагъзабазул



лъиялъухъе, росуцоязухъе вачIарав ГIабдулибрагьим ХIажибеговасулгун дандчIвай. Гьелда гIахьаллъи гьабуна Арчиб росдал поселениялъул бетIер Абусупиян МухIамадхановас, гьесул заместителас ва рагъухъанасул эбелалъ.

ЧIарада районалъул Арчиб росулъа ГIабдулибрагьим ХIажибегов ахIун вукIана цо бутIаялъулаб мобилизация лъазабураб заманалда Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи бахIарчиял ишазул. Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас рагъухъанасда гьикъана СВОялда гIахьаллъулел ракьцоязе кваригIараб-таралъул, хIажатаб кумекалъул.

МухIидин МухIамадовас баркала кьуна рагъухъанасе гьес ВатIан цIуниялъе бахъулеб бугеб жигаралъухъ ва яхIалъухъ: **«Баркала нужее бихьинчилъиялъухъ, ВатIан цIунизе рахъаралъухъ. Бергьенлъиги босун рокъоре русса чIаго ва лъикIаб сахлъигун!»**

## Левашинский филиал ТФОМС РД информирует о том, что пациентам, перенесшим инфаркт, инсульт, либо операцию на сердце – положено выдавать лекарственные средства бесплатно, в течение 2 лет

13 апреля 2023 Минздрав Республики Дагестан утвердил новый список лекарств, которые будут выписываться бесплатно всем пациентам (независимо от инвалидности) в течение двух лет после перенесенных ими:

- инфаркта миокарда,
- инсульта,
- операций по аортокоронарному шунтированию, ангиопластики коронарных артерий со стентированием и катетерной абляции по поводу сердечно-сосудистых заболеваний.



Ранее такие пациенты обеспечивались бесплатными лекарствами только пока находились на стационарном лечении, теперь они будут получать препараты и при амбулаторном лечении.

В число препаратов входит – Амиодарон, Амлодипин, Апиксабан, Аторвастатин, Ацетилсалициловая кислота, Ацетозоламид, Бисопролол, Валсартан +Сакубитрил, Варфарин, Гидрохлоротиазид, Дабигатрана этексилат, Дипаглифлозин. Дигоксин, Ивабрадин, Изосорбида мононитрат, Индапамид, Клопидогрел, Лаппаконитина гидробромид, Лозартан, Метопролол, Моксонидин, Периндоприл, Пропафенон, Ривароксабан, Симвастатин, Соталол, Спиронолактон, Тикагрелор, Фуросемид, Эмпаглифлозин, Эналаприл.

Любой пациент после перенесенного заболевания ОНМК и ОКС может обратиться в участковую поликлинику по месту прикрепления с выписным эпикризом и в течение года бесплатно получать препараты разных групп, за исключением инвалидов, уже получающих федеральные льготы.

При возникновении вопросов обращаться в Левашинский межрайонный филиал ТФОМС РД.

Тел. специалиста защиты прав застрахованных: **+7-928-878-31-77** (в т.ч. WhatsApp)

Адрес: с. Леваши, ул. Гамидова

Адрес эл. почты: levash_fil@fomsrd.ru

Так же информируем, что с 1 июня 2016 г. работает контактный центр в сфере обязательного медицинского страхования, объединяющий в единую систему фонд и все страховые медицинские организации, работающие в Республике Дагестан.

Телефон горячей линии ТФОМС РД: 8-800-222-29-05.

Телефон СМО Макс-М: 8-800-333-06-03; 8 (8722) 61-17-84.

# Чи хведал гьабизе лъикIаб

Нилъер районалъул росабалъ гIумру-магIишат гьабулезул къадар къойидаса-къойиде дагьлъулеб буго. Ругел росабалъ гIадатазда гьоркьоб бищунго захIматаб, пашманаб ва щивасул рокъобе рещтIунеб ккола хварав чи нухда тIовитIи. Бегьилаан районалъул имамас щибаб росдал имамзабиги данделъиялде ахIун, чи хун хабалъ вукьи, гьесда хадур гьаризе кколел харжал, кIал биччалеб къоялде щвезегIан гьаризе ругел тадбирал цойиде ккезаруни. Чи хола эбелалъул ургьибго, гьарун хадуб, лъимерлъиялдаго, гIолохъанго, хъизан-рукъалде ран хадур, гIумру индал, херлъидал. Гьел хола гIодор чIаралъурги, къоязда-моцIазда ва гIемер соназда унтун бусада регунги. Унтаби руго батIибатIиял, хIехьезе кIолелги, кIоларелги.

Исламияб гIелмуялъ бихьизабухъе хвалида вугесда аскIов чIола гIагарлъиялъул гIумруялъ кIудияв, гьес жигар бахъизе ккола унтарасул иманалда рухI бахъиялъе. Рекъараб ва тIадаб буго аскIов чIарас хвалида вугесе дугIа гьабизе, хадуб хвалида вугесда рагIуледухъ «Къулгъу», «АльхIам» цIализе, ялъуни шагьадат битIизе, рес бугони гьев унтарав живго абизе тIамизе. РухI босун хадуб, къасисеб заман бугони гIагарлъиялдаги абун, росуцоязул рахIат хвезабичIого гIенеккун чIезе. Радал-къад хун вугони росдал гIолохъабазде ахIи бала, хоб бухьизе кумекалъе рачIаян, гIагарлъи ва росдал кIудиял, хасаб зигара босулеб бакI батани, гьенир чIела зигара босизе, гьеб бакI батичIони хварасул рукъалда цебе гIатIилъи бугеб бакIалда чIела. Хварав чи къасиго хун вугони, гьесда аскIов вугес КъурьаН цIалила, «Къулгъу» бахъила. Жеги рес ва заман бугони жаназа чуризе лъалел хварасул гIагарлъиялъул церегIанасел чагIиги ахIун жаназа чуриялъул къагIидабиги цIунун, гьеб чурила, мусруги бан жаназа хIадурун тела. Васиятги цIунила. Росутун къватIисан жаназа бачIунеб бугони нижер жамагIат жаназаялда дандечIвай гьабизе Даргам лъарал рагIалде ракIарула. Жаназа щварабго росдал кIудияс хваразул гIагарлъиялда зигараги гьабун жаназа мажгиталъубе босула. Цебе росдал гIадат букIана къватIисан бачIараб жаназа хварасул рокъобе босулеб. Гьанже гьеб гIадат гьукъун буго. Жаназадул хал гьабула, мажгиталде босиналде, мусруде би, ялъуни хъублъи бачIун батани, жаназа чурулеб рокъобеги босун чурила, мусру бала ва мажгиталъубе босула. Гьениб жаназадул как бала, зикру бачула, искъат бахъула. Чи хведал хварасул гIагарлъиялъул кIудияз зигараялъ рачIарал ва магIил рокъор ругел кваназариялъул иш нухда тIамизе лъалел 4-5 бихьиназда ва 4-5 чIужугIаданалда цIар чIвала. Гьез кваназе чед, гьан ва цогидаб хIажатаб чIезабула. Хварасда хадуб КъурьаН цIалула, гьеб цIалулев чиясе чIезабун буго хасаб рукъ, гьесие квенги тIаде рахьун чIарал бихьиназ чIезабула.

Рукъалъул бищун церегIаназ (инсуца, эбелалъ, вац-яцаз) искъат бахъулаго бищун хIажатасе кьезе КъурьаНги, гIарацги кьола имамасухъе (будунасухъе). ТIоцебе бачараб зикруялъухъ гIарац кьоларо, хадусала бетIергьабаз хIажалъиялда балагьун 50 гьурущ щивав зикруялде вачIарасе кьезе хIадурула. Зигараялъ рачIарал кваназарулаго къватIисан рачIаразда цадахъ цо (кIиго) гIумруялъ кIудияв, рокъор руччаби гьечIел, рокъ рикIкIада бугел кваназаризе рахьинарула.

Лъабго къоялъ жаназа букьун хадуб къулгъу бахъизе хварасул хабатIе уна радал ва бакъани как бан хадуса, хутIарал 7-го къоялъул, чIезабураб къадаралда, гьеб бахъула къулгъуги бахъизе зигараги босизе бараб хасаб рокъоб (залалда). Гьедин чи хун 3-го къоялъ мажгиталъуб маркIачIул как бан хадубги къулгъу бахъула. 7-го къо ун къулгъу къотIизабула, гIагарлъиялъул кIудияс жамагIаталъе баркалаги загьир гьабун къулгъуялде рачIаразе садакъаялъе конфет-печенье бикьула. Хварасда хадуб КъурьаН цIалун гIарац кьола, искъат бахъунги гIарац кьола, чи хун 3-абилеб къоялда бакъани как бан хабатIа чед бикьула, Къулгъу къалеб 7-абилеб къоялъ бакъани как бан зигара босулеб рокъоб (залалда) конфет-печенье бикьула, зигараялъ рачIарал кваназарула батIи-батIияб квенги лъун.

Руччабазул магIирокъоб радал-къаси зикруялде рачIаразе гьенире рачIаралъухъ, рес бугесги гьечIесги хира-хираял садакъаби кьола, рузман къоялда хварасул хабатIа зикру бачаралъухъ цIикIкIарал садакъаби кьола, 40-52 къо абун бальго цо-цо садакъа гьабулелги камуларо, гьал киналго тIадехун рехсарал ишазулъ районалда мажгиталъур киналго имамзабиги данде ахIун бегьилаан гьарулел садакъабазул гIурхьирахъ чIезабуни. Гьеб тадбир рагIалде бахъани, хIасилазул ва хIукмуялъул районалъул газеталде макъалаги кьуни цIакъго лъикI букIинаан.

### РОСАБАЛЪ КIАЛБИЧЧАН КЪО

ГIириб росу ЧIарада районалда кIудиял росабаздаса цояб ккола. Гьелъ росулъ гьарурал лъималазулги, хварал гIадамазул къадарги цIикIкIараб букIуна. Чи хваразул рукъалъ цоцаде къецбан гIадин, дица цогидаздаса хъашгойищ квен-тIех хIадуризе кколеб абун, кигIан рес бугесги, гьеб гьечIесги къарз гьабунги хIадурулеб буго квен. Рес бугев абуралъул магIна ккола, херлъизегIанги хутIун, дагь-дагькккун тIадегьоркье рехун нахъе бакIарун нахърател гьабун тараб гIарац бугесда. Рес гьечIев абуралъул магIна буго, гIолохъанго, бесдал лъималги хутIун, нахъе лъураб гIарацги гьечIого хварав чиясда. Гьеб кинабгоги хIисабалде босун, дун сессиялда чанго нухалда цеве вахъана гьаб суалги босун, 4 росдал киналго депутатазе хIажатаб, босизе ккаралъул сияхIги гьабун, кIал биччалеб къо цо рокъоб цадахъ гьабизе ккеялъул. Сессиялда гьабураб хIукмуялъул суал цебе лъуна росдал жамагIаталъул данделъиялда. Гьеб хIукмуялда киналго разилъун, квералги рорхун спортзалалда гьабизе хIукму гьабуна. Гьедин чи хваразул гIагарлъиги данделъун босизе тезе ккараб гIагарлъиялъул бихьиназда тIадги къана, квен хIадуризе гIагарлъиялъул руччабазда тIадги къан, гIидалъул какги бан, цин бихьинал, хадур руччаби, хадур лъималги кваназарун цIакъго магIнаялда ва киналго разияб хIалалда тIобитIана. Нахъе хутIараб квен-тIех, гьуинлъаби, чам хварав чи ватаниги гьел чагIазе бикьана бащад гьабун. Гьеб рокъобе босараб квен гIола къватIисан рачIарал гIагарлъиялъул ва тIаде рачIарал чагIи кваназаризеги. Гьеб заманалда спортзалалде унел рукIун ратани кваназе, гьанже гIирисез бан буго хобалазул кIалтIа гьоркь зигараги босун къулгъу бахъулеб бакI, кIиабилеб этажалда буго жамагIат жанибе кваназе унеб зал ва хьолбохъго кухня-столоваяги. Гьединал бакIал цогидал росулъги ратила. Гьеб къагIида щибаб росулъ хIалтIизабуни, дорегьанире хьвадизе жамагIатги ккечIого цо бакIалдаго гьеб иш тIубазабиялъулъ квегIенлъи бихьула кинабго рахьалъ. Гьаб рехсараб суал тIад ургъун данди бан гьабуни лъикIаблъун бихьула дида.

*ГIириб росулъа хIалтIул ветеран, Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан* **ГIалиасхIаб ГIАЛИАСХIАБОВ**

**«Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях»**
***от 30.12.2001 № 195-ФЗ (ред. от 28.04.2023, с изм. от 17.05.2023)***

## КоАП РФ Статья 8.32. Нарушение правил пожарной безопасности в лесах

*(в ред. Федерального закона от 29.12.2010 № 442-ФЗ) (см. текст в предыдущей редакции)*

**1. Нарушение правил пожарной безопасности в лесах** - влечет предупреждение или наложение административного штрафа на граждан в размере от пятнадцати тысяч до тридцати тысяч рублей; на должностных лиц - от тридцати тысяч до пятидесяти тысяч рублей; на юридических лиц - от ста тысяч до четырехсот тысяч рублей (в ред. Федерального закона от 28.05.2022 № 141-ФЗ) (см. текст в предыдущей редакции).

**2. Выжигание хвороста, лесной подстилки, сухой травы и других лесных горючих материалов** с нарушением требований правил пожарной безопасности на земельных участках, непосредственно примыкающих к лесам, защитным и лесным насаждениям и неотделенных противопожарной минерализованной полосой шириной не менее 0,5 метра, - влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от тридцати тысяч до сорока тысяч рублей; на должностных лиц - от сорока тысяч до шестидесяти тысяч рублей; на юридических лиц - от трехсот тысяч до пятисот тысяч рублей (в ред. Федерального закона от 28.05.2022 № 141-ФЗ) (см. текст в предыдущей редакции).

2.1. Действия, предусмотренные частями 1, 2 настоящей статьи, совершенные в лесопарковом зеленом поясе, - влекут наложение административного штрафа на граждан в размере от сорока тысяч до пятидесяти тысяч рублей; на должностных лиц - от пятидесяти тысяч до восьмидесяти тысяч рублей; на юридических лиц - от пятисот тысяч до одного миллиона рублей (в ред. Федерального закона от 28.05.2022 № 141-ФЗ) (см. текст в предыдущей редакции) (часть 2.1 введена Федеральным законом от 03.07.2016 № 353-ФЗ).

**3. Нарушение правил пожарной безопасности в лесах в условиях особого противопожарного режима,** режима чрезвычайной ситуации в лесах, возникшей вследствие лесных пожаров (в ред. Федерального закона от 17.06.2019 № 142-ФЗ) (см. текст в предыдущей редакции) влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от сорока тысяч до пятидесяти тысяч рублей; на должностных лиц - от шестидесяти тысяч до девяноста тысяч рублей; на юридических лиц - от шестисот тысяч до одного миллиона рублей (в ред. Федерального закона от 28.05.2022 № 141-ФЗ) (см. текст в предыдущей редакции).

**4. Нарушение правил пожарной безопасности, повлекшее возникновение лесного пожара без причинения тяжкого вреда здоровью человека,** если эти действия (бездействие) не содержат признаков уголовно наказуемого деяния (в ред. Федерального закона от 25.03.2022 № 62-ФЗ) (см. текст




в предыдущей редакции) влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от пятидесяти тысяч до шестидесяти тысяч рублей; на должностных лиц - от ста тысяч до ста десяти тысяч рублей; на юридических лиц - от одного миллиона до двух миллионов рублей (в ред. Федерального закона от 28.05.2022 № 141-ФЗ) (см. текст в предыдущей редакции).

**Примечание.** За административные правонарушения, предусмотренные настоящей статьей, лица, осуществляющие предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, несут административную ответственность как юридические лица (примечание введено Федеральным законом от 03.07.2016 № 353-ФЗ).

28 МАЙ – ГIОРХЪАБИ ЦIУНУЛЕЗУЛ КЪО

## ПограничникасулракIалдещвеял

Щивасе бокьула жинцаго хъулухъ гьабулел рукIарал аскаразул бицине. Дида ракIалде ккола дица хъулухъ гьабулеб букIараб гIорхъаби цIунулезул аскар бищунго жавабияб, хIажатаб, захIматаб хъулухъ бугилан. Гьеб гIазу-цIералъухъ, гьурицIададалъухъ балагьичIого тIубазабизе ккола. Чанги ккола кьвагьа-гIанхъиялъул ва биял гIодор тIеялъул хIужжабиги.

Дица лъабго соналъ (1960-1963 с.с.) хъулухъ гьабуна Туркмениялъул ва Иранаъул гIорхъода букIараб заставалда. ЧIарада районалдаса таманалго гIолохъаби рукIана нижеда цадахъ цо отрядалда. Дида цадахъ гьенир хъулухъ гьабулел рукIана Хьинуса Тажудинов Шамсудин, ЦIулдаса АдухIов Давудбег, Содаса Ярбилов КъурамухIамад, МухIамадов ХIажимуса, ГIириса Ибрагьимов ГIусманасхIаб. ДагьабгIаги пикру гьабулев чиясда бичIчIизабизе ккелаpo гьеб хъулухъалъул захIмалъиялъулги жавабчилъиялъулги.

Щибаб къоялда гIорхъи цIунизе унаго заставалъул начальникас кьолаан приказ «Нуж ритIулел руго СССРалъул гIорхъи цIунизе, наряд…» Хъулухъалде ине кколаан къаси рукIкIараб мехалдаса радалиде щвезегIан. Щибаб 50 метралъул манзилалда букIана гIорхъода чIвараб хIубиялдаса заставалъулгун щулияб бухьен. ХIалтIизарулаан С-100, С-12, клен «М» системаби. Къвараpaб букIана гIадлу-низам, закон. Щайгурелъул гIорхъи цо минуталъги рехун тезе бегьулароан. ТIадежоялъеги, гьеб букIана захIматаб заман, социализмалъул ва капитализмалъул гIуцIабазда гьоркьоб къеркьей гIодоб къан букIинчIо.

Гьаниб рехсезе ккола цоги хIужжа, тушманасул разведкаялъ кин гьабунги советиял пограничниказе макруял ишал ва кваквалал гьарулаан. Масала, тушманасул агентураялъ нижер гIорхъода аскIоб гIезабулаан цо чанго питомник загьруял борхьал: гюрза, гадюка, кобра гIезарулел. Цинги нижер гIорхъодехун ричалаан гьел, хасго заставалде аскIорегIан. Гьез советиял пограничниказда гьоркьоб рихха-хочи ккезабизе, ниж хIинкъизаризе ва гIорхъи цIуниялъе квалквал гьабизе. Гьединал загьруял борхьал, хасго кобраби чанги рачIулаан казармаялде жанире, ниж гордухъа кьватIире кIанцIизе кколаан. Гьебги гIемерисеб рогьалил гIужалъ. Гьелдаса букIунаан нижее хIинкъи, кутакалда цIодорго рукIине кколаан тушманасул хIилла-рекIкIалдаса.

Дие ракI-ракIалъго баркизе бокьун буго дирго кьерилазда, цадахъ хъулухъ гьабураздa ва киналго пограничниказда гIорхъаби цIунулезул къо. Гьарула киназего щулияб сахлъи, талихIаб ва парахатаб гIумру. Нилъгун гьечIезе Аллагьас алжан насиб гьабеги.

***МухIамад ГIАЛИГIУМАРОВ,***
***гIорхъаби цIунулел аскаразул ветеран,***
***Кьорош росу***

ОГИБДД ОМВД России по Чародинскому району информирует:

## «Засветись, будь заметней на дороге!»

В целях профилактики дорожно-транспортных происшествий в темное время суток с участием детей, формирования стереотипа правомерного поведения участников дорожного движения, повышения видимости пешеходов путем использования световозвращающих элементов утвержден план «Месячника по безопасности дорожного движения «Засветись».

В рамках Месячника по безопасности дорожного движения «Засветись!» в общеобразовательных школах организована работа «Родительских патрулей». По разработанному маршруту вблизи образовательного учреждения проводится совместное патрулирование родителей с работниками ОМВД.

В связи с тем что, в темное время суток, дети находятся на улицах, безусловно, что световозвращающие элементы помогают обеспечить их безопасное нахождение на улицах.

Сотрудники ОГИБДД призывают взрослых пешеходов, подростков и малышей использовать световозвращающие элементы на одежде, рюкзаках и сумках в качестве «Маячков безопасности».

Хочется напомнить, что световозвращающие элементы повышают видимость пешеходов на неосвещенной дороге и значительно снижают риск возникновения дорожно-транспортных происшествий с их участием.

При движении с ближним светом фар водитель автомобиля способен увидеть пешехода на дороге на расстоянии 25-50 метров. Если пешеход применяет световозвращатель, то это расстояние увеличивается до 150-200 метров. А при движении автомобиля с дальним светом фар дистанция, на которой пешеход становится, виден, с применением световозвращателей увеличивается со 100 метров до 350 метров. Это даёт водителю 15-25 секунд для принятия решения.

Уместно вспомнить, что в соответствии с Правилами дорожного движения с 1 июля 2015 года, при переходе дороги и движении по обочинам или краю проезжей части в темное время суток или в условиях недостаточной видимости пешеходам рекомендуется, а вне населенных пунктов пешеходы обязаны иметь при себе предметы со световозвращающими элементами и обеспечивать видимость этих предметов водителями транспортных средств.

Использование световозвращающих элементов снижает риск наезда на пешехода до 80 процентов и является жизненно важным условием для сохранения жизни и здоровья на дороге.

**Благодарим за сотрудничество!**

***Начальник ОМВД России по Чародинскому району***
***М.С. САЛАМОВ***

## В Республике Дагестан в мае обнаружено более 248 тонн зараженной растениеводческой продукции

Управлением Россельхознадзора по Республике Дагестан в текущем месяце проконтролирован ввоз 23919,6 тонн свежих овощей и фруктов. В зону ответственности управления по месту доставки на СВХ «Виадук» поступило из Республики Азербайджана, Исламской Республики Иран и Турции 16489,4 тонн овощей и 7430,2 тонн фруктов.

Так, госинспекторами Управления Россельхознадзора по РД в 15 товарных партиях растениеводческой продукции были обнаружены карантинные вредные объекты.

Основаниями для подтверждения послужили заключения Дагестанского филиала ФГБУ «ВНИИКР», которыми подтвердились факты выявления - бурой гнили картофеля, картофельной моли, южноамериканской томатной моли, западного (калифорнийского) цветочного трипса и вируса пятнистого увядания бронзовости томата.

За нарушение ФЗ № 206 «О карантине растений» владельцы грузов привлечены к административной ответственности по ст. 10.2 КоАП РФ «Нарушение правил ввоза и вывоза подкарантинной продукции».

В целях защиты территории РФ от заноса особо опасных карантинных объектов, с участниками ВЭД проведена разъяснительная работа по недопущению нарушений Международных требований Российской Федерации.

## «Памятка туристам»

**Специалисты Управления Россельхознадзора по Республике Дагестан напоминают туристам об опасности ввоза семенного и посадочного материала из зарубежной поездки**

Уже сейчас турагентства предлагают туры в Египет, Турцию, Таиланд, ОАЭ, на Кубу, Мальдивы и другие страны. Специалисты Россельхознадзора по Республике Дагестан уведомляют тех, кто планирует путешествие за пределы России, что на привезенных из других стран растениях, цветах, фруктах и семенах могут присутствовать карантинные вредители и возбудители болезней. Согласно ч. 7 ст. 22 Федерального закона № 206 «О карантине растений» на территорию Российской Федерации в ручной клади и багаже пассажиров разрешен ввоз без оформления фитосани-




тарного сертификата не более 5 кг продукции растительного происхождения (фруктов, овощей, ягод, орехов, сухофруктов). Запрещен ввоз без фитосанитарного сертификата: семенного материала, посадочного материала, клубней картофеля.

Для провоза подкарантинной продукции необходимо заблаговременно оформить фитосанитарный сертификат в той стране, где она была приобретена.

По всем вопросам, связанным с ввозом из-за рубежа подкарантинной продукции, можно обратиться в подразделение территориального управления Россельхознадзора по Республике Дагестан в отдел карантинного фитосанитарного контроля на государственной границе РФ, г. Махачкала по адресу: 367008, ул. Танкаева д.54. Контактный телефон: 8 (722) 62-96-36.

***М.К. МУРСАЛОВА,***
***начальник отдела***
***Управления Россельхознадзора***
***по Республике Дагестан,***
***заслуженный работник***
***сельского хозяйства***

# ОГИБДД ОМВД России по Чародискому району информирует:

Сегодня безопасность наших детей на дороге - проблема первоочередная. Первое, с чем сталкивается ребенок в своем ежедневном походе за знаниями, - дорога, автотранспорт и не всегда осознающие опасность своего поведения для окружающих водители. Даже до школы, расположенной внутри жилого квартала, ребенку приходится добираться среди припаркованных на тротуарах автомобилей.

Когда ребенок с раннего детства знакомится со сложной техникой и становится участником дорожного движения, встает проблема его обучения основам безопасного поведения на улицах и дорогах, необходимость сознательного выполнения им требований Правил дорожного движения.

Дорожно-транспортный травматизм является причиной высокой смертности среди наших детей. Устранение причин и условий аварийности должно стать одним из основных национальных приоритетов.

В обеспечении безопасности учащегося задача образовательной организации, педагога - научить ребенка правилам безопасного поведения на дороге, выработать устойчивое и сознательное отношение к выполнению достаточно простых, но жизненно необходимых правил безопасности. Поэтому и особую роль в решении этой проблемы отводится учреждениям образования: детским садам, школам, колледжам и высшим учебным заведениям.

Избежать опасностей на улицах и дорогах можно лишь путем соответствующего воспитания и обучения ребенка с раннего возраста, подготовки его к пожизненной «профессии» участника движения, пешехода. Хотя в настоящее время образовательные учреждения решают проблемы обучения детей основам безопасного поведения на улицах и дорогах, анализ ситуации на дорогах показывает, что принимаемых мер недостаточно. Рост детского дорожно-транспортного травматизма в стране постоянно заставляет искать эффективные пути решения указанной проблемы.

Поэтому проблема детского дорожно-транспортного травматизма по прежнему сохраняет свою актуальность.

В документах предусматриваются мероприятия по предупреждению опасного поведения участников дорожного движения и формированию правового сознания.

Статистика показывает, что ежегодно в результате трагедий на дороге в мире погибает около 1,2 млн человек и свыше 50 млн получают ранения, причем на страны с низким и средним уровнем доходов приходится около 90% всех погибших и пострадавших на дороге. Самый высокий процент смертности от всех видов травм приходится на дорожно-транспортные происшествия.

Как показывает опыт работы, на сегодняшний день единых требований к обучению учащихся правилам безопасного поведения на дороге нет.

Беседы, проводимые на классных часах классными руководителями, носят, как правило, формальный характер, в основном перед началом каникул, и также не обеспечивают учащихся необходимыми знаниями в этой области.

Очевидно, что обучение учащихся образовательных учреждений по существующим программам в существующем сегодня объеме недостаточно для формирования у них системы знаний, умений и навыков, обеспечивающих грамотные и ответственные отношения между участниками дорожного движения. Образовательные программы, наряду с решением сегодняшних проблем безопасности на дорогах, должны быть нацелены и на перспективу - почти все сегодняшние учащиеся - будущие водители и от них будет зависеть безопасность на дорогах. По официальной статистике более 80% всех ДТП происходит по вине водителей. Поэтому изучение правил дорожного движения должно быть организовано на профессиональном уровне и в полном объеме в разделе предмета ОБЖ или как самостоятельная учебная дисциплина.

Детский дорожно-транспортный травматизм обусловлен многими причинами, часто их совокупностью: шалостями детей на проезжей части, состоянием дорог, качеством средств регулирования движения, техническим состоянием транспортных средств, недисциплинированностью детей, плохими знаниями правил дорожного движения, умениями их выполнять и т.п.

В снижении количества и тяжести травм детей на дорогах особую роль играет профилактика. Ее меры разнообразны, диапазон - от индивидуального воспитания ребенка до реконструкции и перепланировки городских магистралей.

Можно выделить несколько проблемных моментов в изучении и преподавании правил дорожного движения в образовательных учреждениях, при этом не делается различия в возрасте учащихся:

- использование устаревших методик при обучении учащихся правилам дорожного движения;
- отсутствие в достаточном количестве современных не только компьютерных наглядных и методически грамотных разновозрастных пособий по безопасности на дороге;
- отсутствие «детского дорожного городка».
- формальное отношение взрослых к проведению встреч с учащимися;
- нет заинтересованности у школьников на уроках по правилам дорожного движения (необходим некий привлекательный для школьников «стимул» для проявления инициативы с их стороны; необходимо показать всю «нужность» и сложность системы правил дорожного движения);
- отсутствует возможность обучения подростков на тренажерах;
- предлагаемые конкурсы («Безопасное колесо», стенгазеты) не очень привлекательны для детей, т.к. подготовка к ним требует наличия определенных реквизитов, часто отсутствующих в образовательных учреждениях, а предлагаемые для изучения вопросы либо некорректно составлены, либо требуют бездумного зазубривания правил для автомобилистов.
- часто существует формальный подход учителей к обучению учащихся правилам дорожного движения;
- отсутствие единых основных требований к оформлению классных «Уголков дорожной азбуки», «Уголков правил дорожного движения»;
- отсутствие законных наказаний при нарушении учащимися правил дорожного движения (нет ответственности родителей за нарушение (незнание) их детьми ПДД;
- усиление действий ГИБДД на оживлённых переходах, особенно вблизи образовательных учреждений);
- проведение и обсуждение тем по правилам дорожного движения в форме дебатов, совместных рейдов с привлечением учащихся разного возраста для участия в мероприятиях по правилам дорожного движения, как в качестве участников, и в качестве помощников организаторов с соответствующей системой поощрения;
- отсутствие взаимозаинтересованности и обратной активной связи «образовательное учреждение — ГИБДД». Образовательному учреждению самому приходится вызывать инспекторов отдела по профилактике для проведения бесед с учащимися;
- отсутствие «курсов» для учащихся, по окончании которых они могут посетить «учебные центры ГИБДД» где они могут получить «корочки» по знанию теории правил дорожного движения, льготу при дальнейшем обучении на курсах вождения и пр.

Конечно, представленные выше проблемные моменты, в той или иной степени решаются, но не так интенсивно как хотелось бы.

Поэтому безопасность учащихся на дороге полностью ложится полностью на плечи образовательного учреждения.

Предложим для образовательного учреждения существующие и перспективные средства обучения учащихся основам безопасности дорожного движения:

- обучение правилам и безопасности дорожного движения должно стать обязательным и непрерывным, начиная с дошкольного возраста и заканчивая высшим учебным заведением;
- количество учебных часов по изучению правил дорожного движения по предмету ОБЖ должно быть соразмерным решаемой проблеме;
- содержание учебных программ должно соответствовать принципиально новой концепции обеспечения безопасности дорожного движения, согласно которой:
- необходимо изучение психологии поведения участников дорожного движения. Поведение участника дорожного движения должно быть предсказуемым и управляемым;
- необходим поиск истинных причин ДТП и их анализ, а не фиксирование их последствий;
- требуется не механическое заучивание правил дорожного движения, а проникновение в смысл и формирование умения сознательно применять их;
- должно быть осознанное, а не принудительное законопослушание;
- обязательно взаимное уважение участников дорожного движения.

Только комплексное решение проблем всеми заинтересованными сторонами может улучшить состояние обучения и преподавания вопросов ПДД в образовательных учреждениях.

Знание ПДД, умения и навыки выполнять их нужны всем и всегда. Необходимо добиваться не просто усвоения учащимися соответствующих учебных вопросов, а формирования у каждого из них культуры безопасного поведения на дороге на всю последующую жизнь.

Благодарим за сотрудничество!

*Начальник ОМВД России по Чародинскому району*
*М.С. САЛАМОВ*

## ОПЕРАТИВНО-ПРОФИЛАКТИЧЕСКОЕ МЕРОПРИЯТИЕ «ЗАЩИТА»

В целях предупреждения преступных посягательств в отношении детей, выявления лиц, совершающих насильственные действия, в том числе родителей, законных представителей, иных членов их семей, принятия мер по защите прав и законных интересов несовершеннолетних на территории обслуживания МО «Чародинский район» с 1 по 10 июня 2023 года проводится оперативно профилактическое мероприятие «Защита».

Главными задачами проводимого оперативно-профилактического мероприятия являются: выявление и пресечение противоправных посягательств в отношении детей, установление лиц, жестоко обращающихся с ними, совершающих насильственные действия, вовлекающих подростков в совершение антиобщественных деяний, а также выявление лиц, проживающих несовершеннолетними, злоупотребляющих спиртными напитками, употребляющих наркотические средства или психотропные вещества, ведущих асоциальный образ жизни, совершающих противоправные деяния в отношении детей, не исполняющих обязанности по их воспитанию и содержанию.

**«Уважаемые родители! Если Вы хотите, чтобы ребенок соблюдал правила безопасности, научитесь сами их выполнять. Наблюдайте и оценивайте изменения в поведении и обращайте внимание на его окружение.**

**Сделайте дом максимально комфортным для времяпровождения, как для вашего ребенка, так и его друзей. Внимательно слушайте, анализируйте, что он говорит, что его беспокоит, установите с ним контакт. Запомните, что дети, страдающие от нехватки родительского внимания, с большей вероятностью проявят интерес к чужому человеку, который может увлечь их. Такие люди быстро входят к ним в доверие, становясь образцом взрослого человека, к которому они тянутся».**

**Во всех случаях, когда стало известно о совершенном или готовящемся преступлении против несовершеннолетнего, необходимо незамедлительно сообщить в правоохранительные органы: по телефону дежурной части ОМВД России по Чародинскому району 99-69-39 или по телефону 8 (906)-450-52-01.**

**Также, при возникновении любой сложной жизненной ситуации, несовершеннолетние могут получить консультативно-психологическую помощь по детскому телефону доверия с единым номером 8-800-2000-122.**

*Инспектор ПДН ОМВД России по Чародинскому району, лейтенант полиции*
*А.М. АПАНДИЕВА*

ОГИБДД ОМВД России по Чародинскому району информирует:

## О проведении профилактической акции «Внимание дети!» *с 20 мая по 04 июня 2023 года*

Профилактика дорожно-транспортного травматизма проблема всего общества. Обучение детей правильному поведению на дорогах необходимо начинать с самого раннего возраста. Задачи педагогов и родителей - воспитать из детей грамотных и дисциплинированных участников дорожного движения.

Значительный пласт работы это профилактика ДДТТ и формирования у детей навыков безопасного поведения на дорогах.

Возрастающая плотность уличного движения делает дороги все более опасными для детей и соответственно вопросы профилактики детского дорожно-транспортного травматизма не теряют своей актуальности.

Авторы многих работ, посвященных детскому травматизму, отмечают, что почти две третьих из общего числа пострадавших на дороге детей попадают под машину из-за отсутствия главного транспортного навыка: предвидение скрытой опасности. Устранить эту причину ограничиваясь только беседами с детьми, словесными наставлениями - невозможно.

Наиболее распространённые причины дорожно-транспортных происшествий:

1. Выход на проезжую часть в неустановленном месте перед близко идущим транспортом (мало кто из наших имеет привычку останавливаться перед переходом проезжей части, внимательно ее осматривать).

2. Выход на проезжую часть из-за автобуса или другого препятствия наши дети не привыкли идти к пешеходному переходу, выйдя из транспортного средства или осматривать проезжую часть).

3. Играя на проезжей части, наши дети привыкли, что вся свободная территория место для игр.

4. Ходьба по проезжей части (даже при наличии рядом тротуара большая часть детей имеет привычку идти по проезжей части при этом чаще всего со всевозможными нарушениями).

Дорожно-транспортный травматизм детей в значительной мере обусловлена таким особенностями их психофизиологического развития, как незрелость, неспособность правильно оценивать обстановку, быстрое образование условных рефлексов и быстрое их исчезновение, потребность в движении, которая преобладает над осторожностью стремление подрать взрослым, переоценка своих возможностей специфичность реакций на приближающийся автомобиль и другое.

Таким образом, обучение детей правилам безопасного поведения может уменьшить тяжелые последствия и возможность попадания его в ДТП.

Единственный, кто может его в этом убедить, взрослый человек, своим личным примером.

**Уважаемые участники дорожного движения!!!**
**Ваша безопасность и безопасность Ваших детей зависит от Вас! Берегите себя и своих близких.**
**Благодарим за сотрудничество!**

*Начальник ОМВД России по Чародинскому району*
*М.С. САЛАМОВ*

ИНСАНАСУЛ ЦIУНА-КЪАЙ

# ГIадамазул гIумру ва сахлъи



ЦIуриб росулъ гIумру гьабулеб гIемер лъимал ругеб хъизамалъул рокъоб рекъезабуна автономнияб цIаялдаса ва кIкIуялдаса хIинкъи бугин абун лъазабулеб гIуцIи.

Профилактикиял тадбиразул гIуцIиялда кIвар бугеб бакI ккола гIадамазул гIумру ва сахлъи цIуниялъ – гьелъие гIоло социалияб рахъалъ цIуничIел гIадамаз гIумру гьабулел рукъзабахъ рекъезаризе ккола цIа ккеялдаса цIуниялъул гIуцIаби.

Гьедин, ЧIарада районалъул ЦIуриб росулъ сахлъиялъе ва къайи-цIаялъе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул мурадалда ДРялда бугеб Россиялъул ОНД ва ПР МЧСалъул хIалтIухъабаздаса гIуцIараб профилактикияб къокъаялъ рекъезаруна автономниял цIаялдаса ва кIкIуялдаса хIинкъи букIин лъазабулел гIуцIаби гIемер лъимал ругел хъизаназ гIумру гьабулел рукъзабахъ.

Гьединалго тадбирал тIоритIизе хIисабалде босун буго ЧIарада районалъул цогидал росабалъги.

2023 соналъул 1 марталдаса хадуб Россиялъул Федерациялъул цIа ккеялдаса цIуниялъул тадбиразул 85 (1) пункталда рекъон гIемер лъимал ругел ва захIматаб гIумру бугел, социалияб рахъалъ хIинкъи бугел хъизамаз гIумру гьабулел рукъзабахъ лъезе ккола, хIалтIулеб къагIидаялда чIезаризеги ккола цIа ккеялдаса ва кIкIуялдаса хIинкъи букIин лъазабулел (АДПИ) гIуцIаби.

ЦIа ккун букIин лъазабулел хасал датчикал руго, кIкIуй чIарабго кутакал гьаркьалги гьарун хIинкъи букIин лъазабулел. ЦIа ккарабго кIкIуй мокърукье бакIарула, гьединлъидал гьеб цIа ккун букIин лъазабулеб гIуцIиги рекъезабизе ккола мокърукь. АДПИялъ кIкIуй баккарабго кутакаб сигналалдалъун лъазабула хIинкъи букIиналъул.

Гьединаб гIуцIи рокъоб рекъезабиялъ нужеда бажаризе буго гIумру ва къайи-цIа цIунизе.

# ЦIулда ахирисеб цIумур

23-абилеб маялда тIобитIана ЦIулда аслияб школалъул азбаралда 9-абилеб классалъул цIалдохъабазе ахирисеб цIумур къабиялъул рохалилаб линейка. Гьенире ракIарун рукIана цIалдохъаби, учительзаби, цIалдохъабазул умумул ва росуцоял.

Данделъи рагьана ва нухда бачана учительзаби ЖабрагIилова Мадинаца ва НурмухIамадова Аминатица. 9-абилеб класс лъугIулезе баркиял гьаруна 4 классалъул цIалдохъабаз. ТIоцебесеб классалъул цIалдохъабаз тIугьдузул квацIаби къуна 9 классалъул цIалдохъабазе, гьезги жидерго иргаялда 1 классалъул цIалдохъабазе къуна сайгъатал.

Учительзабазул рахъалдаса кIалъазе вахъана школалъул директор ХIандулаев Арслан. ЦIалдохъабазул рахъалъ кIалъаял гьаруна 9 классалъул цIалдохъаби: ГI. Загьидовалъ ва Р. АсхIабовалъ. Хадув кIалъазе вахъана райадминистрациялъул рахъалдасан вакил Жаватханов МухIамад, гьес районалъул олимпиадабазда призалъулал бакIал ккурал цIалдохъабазе къуна грамотаби.

Ахирисеб цIумур къабиялъе ихтияр къуна цIалулъ бергьенлъаби росарал 9 ва 1 классаздаса цIалдохъабазе.

Рохалилаб байрам тIобитIана аваданго ва гIахьаллъарал разияб ахIвал-хIалалда.

# ЦIалул церехъаби

ЦIулда росдал аслияб школалъул цIалдохъабазда гьоркьор дагьал гьечIо гIицIго «4-5» къиматаздаги цIалун мисалияб гIадлу-низамги букIинабулел цIалдохъаби. Гьелназда гьоркьор рехсезе бегьула Рамазанова Марям - 4 класс, НурмухIамадов ХIандула - 5 класс, Бариев Магьди - 8 класс, МухIамадова Камила - 8 класс, АсхIабова Рабия - 9 класс, Загьидова ПIайшат - 9 класс ва цогидалги.

ЦохIо цIалиялъулъ гуребги гьез жигараб гIахьаллъи гьабула школалъул общественниял хIалтIабазулъги, районалда тIоритIулел олимпиадаздагун цогидал тадбираздаги.

Рехсарал цIалдохъабазе гьал къоязда тIобитIана экскурсия, гьел щвана Гъуниб районалъул Гъамсукь ва СалтIа росабалъе. Лъай-хъвай гьабуна гьел росабазул гIадамазулгун. ЦIалдохъаби разиго хутIана бихьараб тараладаса.

Школалъул цогидал цIалдохъабазеги хIажат буго гьединал отличниказдаса цIалиялъулъ, спорталъулъ ва цогидалги ишазулъ мисал босизе.

# Ицц къачIана

ЦIулда росулъа Гъунлъоб росулъе унаго нухда «Кобокь» абулеб бакIалда буго даруяб лъел ицц. Гьеб лъим буго черхалъе цIакъго пайдаяб ва хайираб. Черхалда тIад рарал заралиял жал нахъе инарулеб, гьединго кумек гьабула жанисел органазеги.

Гьенире лъим цIезе рачIуна мадугьалихъ ругел росабалъа гIадамал. Гьединго шушби цIун битIула МахIачхъалаялда ва Гъизляралда ругел хIажатал чагIазеги.

Гьеб ицц къачIаялде цIикIкIараб кIвар къуна АхIмадов АхIмадица. Гьениб буго как базе, тIаде рачIаразе гIодор чIезе бакI, гIачи ва цогидалги рухI-чIаголъаби гьенире рачIинчIого рукIиналъе сверун ккун буго сеткаги. РачIаразе кумекалъе гьениб рекъезабун буго (емкость) пластмассалъул 15 литр лъълъел жанибе унеб кIалтIуги щула гьабураб рагI. Гьеб гьениб лъуна Кьорош росулъа Жамалов МухIамадица.

Бокьун буго жамагIаталъул рахъалдаса гьев кIиясего ракI-ракIалъулаб баркала кьезе.

*ХI. ГIУМАРОВ*

УЧИТЕЛАСУЛ ВА НАСИХIАТЧИЯСУЛ СОН

# МугIалимлъун 55 соналъ

Учителасул бигьаяб гуреб ва кинацаго хIурмат гьабизе кколеб хIалтIи буго. Щайин абуни нилъеда хъвазе-цIализе, хIисаб-



суал гьабизе ва аслияб жо гIумру гьабизе кколеб къагIида малъулеб къебелъи ккола школа. Гьениб букIине кколеб лъай щвечIони, цогидал бакIазда цIалунги гьеб щвей щакаб жо буго.

Нилъер районалда гIемерал руго лъималги рокьулел, гьел кинабго рахъалъ церетIурал, лъайгIакълу бугеллъун лъугьинариялъе гIоло сордо-къо абичIого хIалтIулел мугIалимзаби.

Гьединаздаса цояв ккола, мустахIикъаб хIалхьиялде инегIан 55 соналъ учительлъун ракIбацIцIадго хIалтIарав ЦIулда росулъа ГIумаров ХIажиги. Гьес цохIо школалда дарс кьей гуребги, гIемерал общественниял хIалтIабиги гьарулаан цадахъ. Гьев лъала мухбир хIисабалдаги.

ХIажи ГIумаровас 1956 соналда 10 класс лъугIизабуна Кьорош гьоркьохъеб школалда. Гьеб лъугIун хадув ХIажи цIализе ана Буйнакскиялъул педучилищеялде. Рехсараб училищеги лъугIизабун ХIажи хIалтIизе вачIана гIагараб районалде.

Жиндирго махщалилаб хIалтIи гьес байбихьана СуметIа росдал байбихьул школалдаса. Хадув хIалтIизе витIула ГIурухъ-СотIа школалъул заведующийлъун. ХIажица хIалтIизе байбихьарабго аслияб кIвар къуна учительзабазул хIалтIул жавабчилъи борхизабиялде ва гьелдаго цадахъ цIалдохъабазул лъай борхизабиялдеги. Бихьулеб хIалтIи гьабуна школалъул материалияб рахъ лъикI гьабиялъеги. ХI. ГIумаровасул тадбиралдалъун лъалаго борхана школалда гIадлу-низам, лъималазул цIалуда хадургьейги.

1962-1966 соназда рагьана 6-7 классазул цIалдохъабазе къасисеб школа. Кинавниги гьенив цIалулев вукIана 10 чи. Гьесда цадахъ мугIалимлъун хIалтIулев вукIана ГIалиев МухIамадги. КинабгIаги харж гьечIого къасисеб школалда кьолел рукIана дарсал.

1968 соналда ХIажи ГIумаровас лъугIизабуна Дагъистаналъул пединститутальул географиялъулаб факультет. Гьелдаса хадув хIалтIизе лъугьана гIагараб ЦIулда росдал школалда географиялъул ва физкультураялъул учительлъун. Гьесул цIалдохъабаз щибаб соналда гIахьаллъи гьабулаан районалда тIоритIулел олимпиадабазда ва спорталъулал къецаздаги. Рихьизарулаан гьенир лъикIал хIасилалги.

Гьелдаго цадахъ ХIажи ГIумаров вукIана жамгIияв хIаракатчиги. Гьев чанго нухалда вищана ЦIулда ва Улъухъ росабалъ Советалъул депутатлъунги, вукIана лектор-пропагандистлъунги. Гьединго тIубазабуна лектораразулаб группаялъул председателасул хъулухъги. Гьеб хIалтIи ракIбацIцIадго тIубазабиялъе гIоло ХIажи ГIумаров мустахIикълъана столалда тIад лъолеб медалалъе, гIемерал грамотабазегун сайгъатазе, пропагандистасул жигараб хIалтIуе гIоло гьев мустахIикълъана обкомалъул грамотабазе ва чанго соналда ХIажил сурат бан букIана райкомалъул ва обкомалъул «ХIурматалъул хьарщазда». Гьелдаго цадахъ гьесие щвана лъай кьеялъул рахъалдасан шапакъаталги. ХIажи ГIумаров ккола «РФялъул халкъияб лъай кьеялъул отличник», «ДРялъул мустахIикъав учитель», «РФялъул лъай кьеялъул хIурматияв хIалтIухъан», гьединго гьесие щвана РайОНОялъул, ДРялъул, РФялъул рахъалъа грамотабигун сайгъаталги.

ХIажи ккола «ЧIарада» газеталъул хиси гьечIев мухбирги. Гьединго республикаялъул «ХIакъикъат» газеталдеги хъвадарула гьев.

ГьабсагIаталда ХIажи вуго мустахIикъаб хIалхьиялда. Гьедин бугониги жиндаса бажараараб кумек гьабула школалъе ва росдае, гьев ккола гIун бачIунеб гIелалъе лъикIав насихIатчиги, гьединго гьоркьоса къотIизе тун гьечIо газеталдехун бухьенги. Къейги ХIажи ГIумаровасе ва гьесул хъизамазе щулияб сахлъи ва халатаб гIумру.

*КЪ. ЧАХИЕВ*

## О СЛУЖБЕ ПО КОНТРАКТУ И ПРАВАХ ВОЕННЫХ




Стать защитником Родины можно, заключив контракт на службу в ВС РФ. Военным положена достойная оплата, а их семьям – льготы.

Кто из контрактников, участвующих в специальной военной операции, имеет право на получение удостоверения ветерана боевых действий?

Все военнослужащие по контракту – участники специальной военной операции имеют право получить удостоверение ветерана боевых действий. Оформить его можно в любое время после начала участия в специальной военной операции.

# Мемориалияб кьоно рагьана

*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

Полковникасул лъимал Рашид ва ГIабдула МухIамадоваз, тIад бигьараб ххамги нахъе бахъун, рагьана жидерго рукъалъул кьеда бараб мемориалияб кьоно.



Хадуб данделъараз гьелда цере лъуна лъуна чIагояб гвоздикаби.

РакIалде щвеялъул тадбиралда гIахьаллъи гьабурав нилъер ракьцояв, ДРялъул наркотиказда хадуб хал кколеб Управлениялъул нухмалъулев, полициялъул



полковник Муминов Мустангер СагIитбеговичас, ЦIуриб росдал поселениялъул депутатазул Собраниялъул председатель Ярбилав Ярбиловас, ЦIуриб росдал поселениялъул бетIер Муслимат МуртазагIалиевалъ бицана МухIамад МухIамадов вукIанин жиндирго хъулухъалъулаб ишалъе ритIухъав, сунданиги цебе бетIер гIодобе кьулуларев инсанилан. «МухIамад вукIана ритIухъав, бихьинчияб хасияталъул чи, гьединавлъун гьев киназго ракIазулъги цIунизе вуго. Гьев камуна цохIого гьесул хьизамалъе гуревги тIолабго районалъего ва республикаялъего. Жиндирго гIумруялъул гIемерисеб бутIа МухIамадица кьуна такъсирчилъиялде данде вагъулаго, республикаялда закон ва гIадлу-низам букIинабиялда хурхун», - ян абуна кIалъазе рахъараз.

МухIамадиде гьарурал рекIее асар гьабулел кучIдул рикIкIана росдал гIун бачIунеб гIелалъ.

Лъабго нухалда кьураб залпалдаса хадуб, тадбиралда байбихьана чуял рекеризе риччаялъул кьецал. Гьел лъабго километралъул манзилалда рекеризе тIамуна, гьездаго гьоркьор рукIана цогидал районаздаса чотIахъабиги.

Рекериялъул хIасилал гьарулаго призалъулал бакIал кьуна тIоцебе бачIараб лъабго чоца – ХIажиев Сиявшагьил, Сиражудинов МухIамадил ва Дамадаев Рамазанил.

Бергьарал чуязе кьуна дандрекьон кколедухъ 50, 30 ва 20 азарго гъурущ гIарац, тадбир гIуцIаразул рахъалдаса кубокал ва медалал. Хадуб бачIараб лъабго чодул бетIергьабазеги кьуна гIарцулал сайгъатал. РакI гIодобе биччаялъул сайгъат кьуна чуял рекеризе тIамуразда гьоркьой йикIарай яс - Любаеги.



Тадбиралъул аслияв спонсорлъун вукIана ХирамухIамад ГIабдулмажидов.

---

МухIамад Абакарович МухIамадов гьавуна 1954 соналъул 22 маялда ЧIарада районалъул Гьидиб росулъ. 1972 соналда ЦIуриб гьоркьохьеб школа лъугIарав гьев ана Советияб Армиялде тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубузабизе.

Армиялдаса вуссаравго цIализе лъугьана Дагъистаналъул пединститутalде филологияб факультеталде, гьеб лъугIун хадув цо лъагIелалъ хIалтIана ЧIарада районалъул Магъар школалда учительлъун.

Хадув хIалтIизе лъугьана районалъул милициялда санаде рахьинчIезул ишазул инспекторлъун. Гьебго соналда жиндирго ракIалда букIараб мурад тIубазабизелъун МахIачхъалаялдеги ун цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул юридическияб факультеталде.

Тахшагьаралда захIматалъул нух байбихьана Советскияб районалъул РОВДялда, уголовнияб розыскалъул отделалъул инспекторасул хIалтIудаса РОВДялъул начальникасул хъулухъалде щвезегIан. Гьев вукIана полициялъул полковник.

МухIамадие кьун букIана Бихьинчилъиялъул орден, Колесниковас сайгъат гьабун букIана гьесие тIад цIар хъвараб таманча ва рукIана цогидал шапакъаталги. Хвана гIумруялъул 51 сон букIадго, хъулухъалъулаб налъи тIубазабулаго 2005 соналъул марталда.





# *Авар кицаби ва абиял*

- Руссун херлъичIони, чу херлъуларо.
- РутIби жанире сверараб, бохдул щинкIил хьахIаб, кваранидe бусси кьурараб, квегIиде жал бегараб магIарул гIаларча хадуб ккогеги.
- РухI речIчIилалде тушман чIвачIев, рухI речIчIараб мехалъ тушманас чIвалев.
- РухIалица гIадин чи херлъуларо.
- РухIел кванала, щцин кваналаро.
- Ручун кIудияб, жаниб рак гьечIеб, тIину кIудияб, жаниб мугь гьечIеб.
- Руччабазул базаралъ рукъ цебе тIоларо.
- Рущи щваралъубе гIанкIу буссуна.
- Сабаб тIагIараб жо – гIажал, гIадан холеб жо – хиял.
- Сабурасе бох, виххарасе ратIа.
- Саву кьун, кьаву босуге.
- Садакъаги къаде квенги – дагьаб жо.
- Сапаралдаса вачIунаго, гамачI босунги, чIового вачIунге.
- СахIихъ сахI гурони щолареб.
- СахIил роцен лъазе ккола.
- СахIица къеларо, кьолоца бергьинаро. (Жо гуреб жоялъул бицунге).
- СвакачIого чIани, чIечIого вилълъине ккола.
- Сверухъе валагьичIого, рагIи кьвагьуге. Сордо базе къадар, къо базе гIажал, кьватIиса юссарай цIар тIамурай яс! (Кицалъун лъугьарал, пашманай эбелалъул рагIаби).
- Сордо кьватIиб, хинкI рокъоб.
- Сордо сардие те.
- Сордойилго вачIани, вокьулевги чIалгIуна.
- Суалалда рекъон, кьокъ гьабун кье жаваб.
- Сумал чIалу гьабуге.
- Тайидул чу лъугьинегIан, бетIергьанчиясул гьой лъугьуна.
- Тайпа лъикIалдаса жибго лъикIаб лъикI.
- ТалихI бугеб рокъове кьоркъочилав лъугьинаро.
- ТалихI бугев чиясул бихьинхIамаги кьинлъулеб.
- ТалихI бугесул оц ияхI бугесухъе ккела.
- ТалихI бугев ригьнадаса воххила.
- ТалихI бугесул хIама хIортIа кьинлъила.
- ТалихI кьосарасул кверде кьо бухIарав кколев.
- ТалихI кьосиналдаса кьо тIагIинго лъикI.
- Талмикьа талмикьеги хьиндаллъиййилан абурабила гIанкIица.

**ЧIАРАДА**
**БетIерай редактор** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

**Газета кьватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета кьватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил кьватI, 5 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 16 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*